

**REFERENSI SAJRONE ANTOLOGI TULISAN CEKAK
“DAMAR UBLIK” ANGGITANE DODIK PRIYAMBADA**

Andri Pamungkas

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
andripamungkas@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Referensi tuwuhan sajrone wacana ing saben seratan, kalebu ing antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada iki. Referensi minangka panuduh marang tembung, tetembungan, ukara, utawa liyane sing nyengkuyung pamangune tetembungan utawa ukara sing ana sajrone wacana. Sajrone panliten iki ngandharake ngenani wujud lan panggunane referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Referensi yaiku wujud pangket basa leksikal minangka salah siji perangan saka kohesi sing kadeleng adhedhasar piranti wacana. Referensi iki kawedhar nganggo teori transformasi generatif sing diandharake dening Noam Chomsky sing ngandharake ngenani wujud, guna, lan kalungguhane tetembungan sajrone ukara.

Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif kualitatif sing nduwensi sipat singkronis. Dhata sing asilake arupa tetembungan sing ana sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada sing diandharake kanthi cara informal sing nyuguuhake arupa analisis adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane dhata sajrone ukara sing kapilih. Banjur dhata kasebut diolah kanthi metodhe dheskriptif lan disuguuhake kanthi cara informal.

Asil panliten iki yaiku merang referensi adhedhasar sipat lan wujude, saengga nuwuhake sanga (9) perangan. Perangan-perangan kasebut yaiku referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina persona, referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina nonpersona, referensi asipat anafora kanthi wujud demonstratif, referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina nonpersona, referensi asipat katafora kanthi wujud demonstratif, referensi asipat katafora kanthi wujud komparatif, referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina persona, referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona, lan referensi asipat eksofora kanthi wujud demonstratif.

Tembung wigati: referensi, transformasi generatif, lan antologi tulisan cekak

PURWAKA

Bab iki bakal diandharake ngenani (1) landhesan panliten, (2) underan panliten, (3) ancas panliten, (4) paedah panliten, (5) wewatesan panliten, lan (6) panjlentrehan tetembungan. Cethane andharan bakal dicethakake siji mbaka siji ing saben perangan.

1.1 Landhesane Panliten

Adhedhasar unsur pamangune, wacana kaperang dadi loro yaiku gramatikal lan leksikal. Wujud tulis sajrone masyarakat iki maneka werna jinise. Salah siji tuladha anane wacana tulis yaiku sing ana ing sajrone antologi. Antologi kalebu salah siji wujud anane komunikasi antarane masyarakat siji lan masyarakat liyane arupa sajinis karya pribadi utawa klompok sing nduwensi sakekarepan utawa ancas sing padha (KBBI, 1999:50). Saka anane antologi kasebut kita bisa oleh informasi sing arupa wacana tulis saka sapawongan utawa luwih.

Antologi nduwensi saperangan bab sing diandharake dening panulise kanthi ancas njlentrehake saperangan karya kanggo para pamaca. Tuladhane yaiku antologi geguritan, antologi crita cekak, antologi tulisan cekak, lan antologi-antologi liyane. Nanging saka maneka werna jinis antologi sing dadi objek panliten iki yaiku

tulisan cekak. Tulisan cekak kalebu salah siji jinis saka wacana naratif, yaiku wacana sing awujud crita kanggo ngandharake gagasan utawa idhe panulis marang pamaca. Tulisan cekak yaiku salah siji asil karya sastra sing awujud crita saka anane prastawa utawa kedadeyan ing masyarakat kanthi panulisan kang bebas lan cekak. Tulisan cekak iki bisa wujud andharan gagasan utawa idhe saka panulis marang pamaca, pangudarasane panulis, catetan pribadi panulis, lan liya-liyane. Karya sastra iki kalebu crita sing cendhak, saengga pamaca ora mbutuhake wektu akeh kanggo ngertenin isi saka crita kasebut.

Wacana bisa diperang dadi rong perangan yaiku wacana lisan lan tulis. Rong perangan kasebut sing mbedakake mung ngenani wujude wae yaiku wacana lisan arupa tuturan lan wacana tulis arupa tulisan. Saka strukture dianggep padha. Kapunjer ing wacana tulis, wujude yaiku saka anane sesambungan ukara-ukara sajrone teks, kaya diandharake dening Rani, Ikk (2006:4). Pamaca ndoleki makna saka jumejere ukara sajrone teks. Wacana arupa tulisan cekak iki minangka salah siji jinis wacana sing narik kawigaten kanggo ditliti. Wigati saka wacana kasebut sepisan yaiku tulisan iki ngemot crita-crita sing sesambungan karo panguripan masyarakat, amarga tulisan

cekak kasebut luwih akeh adhedhasar saka pengalaman urip utawa prastawa utawa panyawang marang kahanan sing kedaden ing sakupengane panulis. Saka kahanan kasebut kita bisa njupuk amanat lan gagasan-gagasan panulis saka anane prastawa sing dicritakake sajrone tulisan cekak kasebut.

Panliten iki bakal diandharake ngenani referensi kanthi objek panliten yaiku antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Objek panliten iki dipilih amarga sajrone antologi tulisan cekak kasebut saperangan akeh, dijupuk saka lelakon nyatane panulis lan saperangane maneh minangka urun rembuge panulis antologi kanggo masyarakat. Cacahe tulisan cekak sajrone antologi iki yaiku ana 30 tulisan cekak kanthi irah-irahan sing beda-beda lan ana sing sesambungan saka tulisan cekak siji lan liyane. Adhedhasar landhesan panliten iki, panliten iki kanthi irah-irahan “Referensi sajrone Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” Anggitane Dodik Priyambada”. Panliten iki njlentrehake anane referensi sing ana sajrone antologi tulisan cekak, mliline arupa wujud lan makna saka referensi.

1.2 Undere Panliten

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, sajrone panliten iki nduwensi underan panliten yaiku:

- (1) Kepriye wujud referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada?
- (2) Kepriye panganggone referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada?

1.3 Tujuwane Panliten

Sajrone panliten iki, adhedhasar underan panliten kasebut nduwensi tujuwan panliten yaiku:

- (1) Mangerten wujud referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada.
- (2) Mangerten panganggone referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada.

1.4 Paedahe Panliten

Paedah panliten iki diperang dadi rong perangan, yaiku paedah teoritis lan praktis. Paedah teoritis sajrone panliten iki yaiku diajab muga bisa migunani tumrap pangrembakane ilmu analisis wacana mliline ing perangan referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Saliyane iku, panliten iki uga diajab bisa migunani ing pangrembakane ilmu babagan basa

(linguistik) sajrone panliten ngenani referensi. Paedah praktis sajrone panliten iki yaiku diajab bisa menehi seserepan lan informasi ngenani referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Saliyane iku, asil panliten iki kanggo ngrembakane materi ajar basa Jawa ing sekolah. Tumrap bebrayan bisa kanggo dheskripsi ngenani referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada saengga bisa menehi kawruh ngenani referensi basa Jawa.

1.5 Watesane Panliten

Panliten iki nduwensi wewatesan marang objek sing ditliti, yaiku awujud referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada

1.6 Panjlentrehe Tetembungan

- (1) Antologi
Antologi yaiku kumpulan karya-karya awujud tulisan saka sapawongan utawa saperangan wong.
- (2) Tulisan Cekak
Tulisan Cekak yaiku salah siji karya sastra arupa crita naratif kanthi ukuran crita sing cekak lan bebas panulisane sing adhedhasar pengalaman utawa gagasan saka panulis. Karya sastra iki kalebu salah siji jinis karya sastra sing bisa diklumpukake dadi siji awujud antologi tulisan cekak.
- (3) Referensi
Referensi yaiku salah siji perangan saka kohesi gramatikal sing nuduhake ngenani saperangan wujud sing nuduhake wujud liyane (Oktavianus, 2006:54).
- (4) Kohesi yaiku sesambungan wujud antarane ukara-ukara sing mangun utuhe wacana (Sumadi, lkk, 1998:4).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Santoso (2016) ngandharake panliten kanthi irah-irahan *Piranti Kohesi Gramatikal sajrone Rubrik Gambang Suling Kalawarti Jaya Baya Taun 2015*. Sajrone panliten iki njlentrehake ngenani kepriye panganggo lan daya pangaribawane piranti kohesi gramatikal tumrap wacana sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti Jaya Baya taun 2015. Analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake teori sing diandharake dening Halliday lan Hasan sing njlentrehake ngenani teori kohesi. Metodhe lan teknik sajrone panliten iki yaiku nganggo metodhe agih lan teknik andum perangan kanthi cara langsung. Saliyane iku panliten iki nganggo teknik lanjutan arupa teknik ganti, teknik lesap,

lan teknik waca tandha. Asil panliten iki yaiku kaperang dadi papat yaiku pangener, substitusi, elipsis, lan konjungsi. Saka petang perangan iki, sing paling akeh digunakake yaiku pangener persona sing nggunakake tembung sesulih pandarbe {-e} lan {-ne}. Saliyane iku piranti kohesi liyane yaiku konjungsi temporal.

Saliyane panliten saka Santoso, panliten liyane yaiku panliten ngenani kohesi dening Astuti (2016) kanthi irah-irahan *Kohesi Konjungtif Sajrone Rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Oktober nganti Desember Taun 2018*. Sajrone panliten kasebut ngandharake ngenani wujud lan panganggone kohesi konjungtif sajrone Rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif kanthi metodhe simak lan maca sumber dhata sarta nyathet dhata sing ditemokake. Kohesi konjungtif iki diperang dadi petang perangan yaiku tembung pangiket adiktif (panambahan), kausal (sesambungan), kontrastif (kosokbalen), lan temporal (titi mangsa).

Panliten liyane yaiku asil panlitene Choirunnisa (2016) kanthi irah-irahan *Elipsis Jejer sajrone Ukara Camboran ing Basa Jawa*. Panliten iki ngenani elipsis jejer iki mligi ngenani adhedhasar wujud lan kalungguhane jejer sing dielipsisake. Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake teori tranformasi generatif sing nyethakake ngenani triaspek sintaksis yaiku ngenani wujud, guna, lan kalungguhan. Jinis panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif lan asipat sinkronis. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku karya sastra lan nonsastra sing ana ing Kalawarti Jaya Baya taun 2015 kanthi dhata arupa ukara-ukara camboran lan dhata diklumpukake nggunakake teknik cathet. Tatacara njlentrehake dhata nggunakake metodhe agih lan nyuguhake dhata kanthi metodhe formal lan informal. Panggunane elipsis sajrone ukara camboran iki didudut supaya bisa ngirit tembung sajrone ukara nanging ora ngowahi teges ukara kasebut.

Banjur ditambah maneh karo asil panlitene Pratiwi (2016) kanthi irah-irahan *Piranti Kohesi kanggo Ndhapuk Koherensi sajrone Wacana Dheskriptif Teks Pawarta mawa Basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun*. Sajrone panliten iki njlentrehake ngenani dheskriptif sajrone warta mawa basa Jawa kanthi teori wacana dheskriptif. Panliten iki medhar ngenani kohesi gramatikal lan leksikal sajrone wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun sing bisa ndhapuk sajrone koherensi. Panliten iki nduwени jinis linguistik dheskriptif lan asipat singkronik. Dhata arupa

ukara-ukara lan paragraf-paragraf kohesi gramatikal utawa leksikal sing ndhapuk koherensi. Dhata diklumpukake kanthi teknik cathet, dijlentrehake kanthi nggunakake metodhe agih lan analisis isi, banjur disuguhake kanthi cara informal. Asil panliten iki yaiku nyethakake yen jinis wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun kanthi adhedhasar pandhapuke koherensi ing kohesi ana 14 yaiku kohesi gramatikal bisa ndhapuk sangang koherensi, dene kohesi leksikal ndhapuk limang koherensi.

Pungkasan, panliten sing saemper yaiku asil panlitene Handini (2016) kanthi irah-irahan *Piranti Kohesi kang Ndhapuk Koherensi sajrone Wacana Naratif ing Serat Cariyos Satus Sakawan*. Punjer panliten iki yaiku jinis wacana naratif adhedhasar koherensi sing didhapuk dening piranti kohesi. Panliten iki ngandharake ngenani kepriye piranti kohesi leksikal lan gramatikal sing ndhapuk koherensi sajrone wacana naratif. Teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku nganggo semiotic naratif. Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif lan sipate singkronis. Dhata panliten iki yaiku arupa tembung-tembung kalebu piranti kohesi lan sumber dhata saka Serat Cariyos Satus Sekawan kanthi metodhe simak lan teknik cathet. Dhata dijlentrehake kanthi metodhe agih lan teknik jembar sarta diandharake kanthi metodhe formal lan informal. Asil saka panliten iki yaiku ngasilake 17 jinis wacana naratif sajrone objek panliten iki.

2.2 Konsep-konsep Panliten

Konsep-konsep sing digunakake sajrone panliten ngenani referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada baka diandharake ing ngisor iki.

2.2.1 Konsep-Konsep Panliten

Kohesi yaiku sesambungan wujud antarane ukara-ukara sing mbangun utuhe wacana (Sumadi, lkk, 1998:4). Pangerten liyane ngenani kohesi diandharake dening Oktavianus (2006: 52-53) yen kohesi yaiku saperangan unsur sing dadi presuposi saka unsur liyane. Unsur kasebut mresuposisi sesambungan karo unsur liyane sing dipresuposisekake saengga nuwuhake teks sing utuh. Dene Mulyana (2005:26) ngandharake yen kohesi yaiku sesambungan wujud kanthi adhedhasar struktural saengga ndadekake pangiket sintaktikal.

Saka andharan kasebut, kohesi minangka saperangan piranti sing digunakake kango mujudake salah siji wacana kanthi nggunakake saperangan bab sing nyengkuyung lan

ana ing wacana kasebut. Anane piranti wacana kasebut ana ing njero wacana kasebut. Kohesi nduweni rong unsur yaiku pangiket basa leksikal lan pangiket basa gramatikal. Pangiket basa leksikal yaiku sesambungan wujud antarane ukara-ukara sing mbangun utuhe wacana sing diwujudake sajrone sistem leksikal. Sumadi, lkk (1998:54) ngandharake yen pangiket basa leksikal diperang dadi limang perangan yaiku (1) hiponim, (2) sinonim, (3) antonim, (4) repetisi, lan (5) kolokasi. Dene pangiket basa gramatikal yaiku sesambungan wujud antarane ukara-ukara sing mbangun utuhe wacana sing diwujudake sajrone sistem gramatikal (Sumadi, lkk, 1998:4). Sajrone kohesi gramatikal iki nduweni perangan utawa piranti sing nyengkuyung teori iki. Perangan-perangan kasebut uga disengkuyung dening Mulyana (2005:26-30), Oktavianus (2006:53-63), lan Sumadi, lkk (1998:4) padha ngandharake yen kohesi gramatikal diperang dadi papat yaiku (1) referensi, (2) substitusi, (3) elipsis, lan (4) konjungsi.

2.2.1.1 Referensi

Referensi yaiku salah siji perangan saka kohesi gramatikal ing sajrone wacana. Oktavianus (2006: 54) ngandharake yen referensi kanthi adhedhasar konsep ing wacana nyethakake yen referensi yaiku saperangan wujud sing nuduhake wujud liyane. Wujud ing kene yaiku unsur sing ana sajrone wacana sing arupa unsur gramatikal sing nuduhake unsur gramatikal liyane ing wacana kasebut. Jumbuh karo apa sing diandharake dening Ramlan (sajrone Mulyana, 2005:27) nyethakake yen referensi yaiku perangan saka kohesi gramatikal sing sesambungan karo panggunane tembung utawa klompok tembung kanggo nuduhake tembung utawa klompok tembung utawa satuan gramatikal liyane. Sajrone referensi iki Oktavianus (2006:53-56) nyethakake perangan saka referensi. Perangan referensi adhedhasar sipate yaiku eksopora lan endofora. Eksopora yaiku sesambungane referensi nalikane unsur sing dituduhake dening referensi ana ing njabane wacana kasebut.

Dene endofora yaiku sesambungane referensi nalikane unsur sing dituduhake dening referensi ana ing njerone wacana. Endofora iki bisa diperang dadi loro yaiku anafora lan katafora. Anafora yaiku referensi sing nuduhake unsur-unsur gramatikal sadurunge (*backward reference*). Dene katafora yaiku referensi sing nuduhake unsur-unsur gramatikal sawise (*forward reference*). Saliyane iku Rusminto (2015:27-28) nyethakake yen referensi nduweni perangan adhedhasar wujud relasine, diperangan dadi telu

perangan yaiku referensi pronomina, referensi demonstratif, lan referensi komparatif.

1) Referensi pronomina

Pronomina yaiku tembung sesulih kanggo ngganti objek (barang utawa pawongan). Mula sajrone bageyan iki diperang dadi loro yaiku pronomina takrif (persona) lan pronomina taktaktrif (nonpersona). Pronomina persona yaiku persona I, II, III (tunggal, jamak). Pronomina nonpersona yaiku kanggo nuduhake wong utawa barang tartamtu kayata pawongan, saperangan, sapa-sapa, apa-apa, anu, dhewe-dhewe, saben, dhewe lsp.

2) Referensi demonstratif

Demonstratif yaiku ukara panuduh, kaya iki, iku, ika, kene, kono, kana, mrana, mrene. Referensi iki bisa arupa anafora lan katafora.

3) Referensi komparatif

Referensi komparatif iki dititik saka ana tembung yaiku kaya, persis, padha karo, beda, lsp.


Anane referensi iki kanggo pangikete saperangan unsur karo unsur liyane sajrone wacana, saengga wacana kasebut kalebu wacana sing kohesif. Saliyane iku wacana referensi iki digunakake kanggo ngelongi panggunane tetembungan sing kurang efektif sajrone wacana sing kohesif kasebut. Titikan saka anane referensi iki yaiku saka anane saperangan tembung-tembung kayata tembung sesulih, tembung panuduh, tembung pitakon, tembung panyambung, lan liya-liyane. Tuladha referensi kaya ing ngisor iki.

-
- ↓
- (1) Kabeh wong sing wani nyolong dhuwite negara. Sapa wae bakal diwenehi ukuman kanthi cara dikunjara.
(2) Tuladha sing trep kaya ing ngisor iki.

Sajrone rong tuladha ing ndhuwur nuduhake anane referensi sajrone ukara. Tuladha (1) nuduhake anane referensi anafora amarga tembung “sapa wae” nuduhake anane ukara sadurunge sing nyethakake “kabeh wong sing wani nyolong dhuwite negara. Tembung “sapa wae” uga kalebu referensi pronomina nonpersona amarga tembung kasebut nuduhake tembung sesulih pawongan yaiku “kabeh wong sing wani nyolong”. Semana uga ing tuladha (2) sing nyethakake kalebu refensi katafora kanthi wujud referensi demonstratif, amarga ing tetembungan “ing ngisor iki” nuduhake andharan sabanjure.

2.2.1.2 Substitusi

Substitusi utawa *substitution* yaiku gumantine saperangan unsur sing ngganteni unsur liyane (Kridalaksana sajrone Oktavianus, 2006:56). Ancas saka anane substitusi iki yaiku kanggo ngurangi anane rasa *monoton* sajrone wacana sing kohesif. Sumadi, Ikk (1998:13) merang substitusi dadi rong perangan yaiku substitusi pronomina persona lan substitusi pronomina nonpersona. Pronomina persona fungsine kanggo tandha kohesi substitusi yaiku persona katelu. Dene pronomina nonpersona yaiku substitusi sing unsur penggantinen arupa saliyane pronomina persona. Tuladha substitusi kaya ing ngisor iki.

 Siti tuku gula. Dheweke digawani dhuwit

Tuladha ing ndhuwur kalebu substitusi kadeleng saka anane tembung “dheweke” sing nuduhake tembung “Siti”. Wujud substitusi tuladha iki kalebu wujud substitusi pronomina persona yaiku kanggo nuduhake persona.

2.2.1.3 Elipsis

Elipsis yaiku proses ngilangi saperangan unsur sing ana sajrone ujaran (Oktavianus, 2006:57). Ancas saka panggunane kohesi elipsis yaiku supaya basa sing digunakake ing wacana luwih praktis lan methes utawa efektivitas lan efisiensi basa sajrone wacana. Tarigan (1993:101) ngandharake yen elipsis diperang dadi telu yaiku elipsis nominal, elipsis verbal, lan elipsis klausal. Elipsis nominal yaiku sesambungan antarukara sajrone sing dituduhake saka anane ilange unsur ukara, arupa tembung utawa frasa sing kalebu nominal ing ukara sabanjure. Elipsis verbal yaiku sesambungan antarukara sajrone larik sing dituduhake saka anane ilange unsur ukara arupa tembung utawa frasa sing kalebu verbal ing ukara sabanjure. Dene elipsis klausal yaiku sesambungan antarukara sajrone larik sing dituduhake saka anane ilange unsur ukara arupa tembung utawa frasa sing kalebu klausal ing ukara sabanjure. Tuladha elipsis kaya ing ngisor iki.

Kowe sing mesti nyengkuyung apa kekarepanku, pamirkirku, lan pangimpenku.
Nuwun ya.

Sajrone tuladha ing ndhuwur nuduhake tuladha elipsis. Kadeleng saka ukara kaloro yaiku “nuwun ya”. Sajrone ukara kaloro kasebut anane unsur sing ilang yaiku subjek lan predikat saka ukara kasebut. Yen bisa ditulis jangkep ukara kasebut dadi “Aku ngaturake nuwun ya”.

Saka jlentrehan iku bisa ndudut yen tuladha iki kalebu tuladha elipsis.

2.2.1.4 Konjungsi

Konjungsi yaiku unsur sing nyambung antara satuan basa siji lan satuan basa liyane sing padha tingkatane utawa setara (Oktavianus, 2006:59). Miturut saperangan ahli basa, perangan konjungsi iku beda-beda, kaya sing diandharake dening Mulyana (2005:29) lan Oktavianus (2006:59) nyethakake yen konjungsi diperang dadi lima yaiku a) konjungsi adversatif, b) konjungsi kausal, c) konjungsi korelatif, d)konjungsi subordinatif, lan e) konjungsi temporal. Dene Tarigan (1993:101-102) merang konjungsi dadi enam, yaiku konjungsi adversative, konjungsi kausal, konjungsi koordinatif, konjungsi korelatif, konjungsi subordinatif, lan konjungsi temporal. Beda maneh karo Baryadi (sajrone Sumadi, Ikk, 1998:21) nyethakake yen konjungsi diperang dadi 11, yaiku konjungsi adisi, konjungsi kontras, konjungsi kausalitas, konjungsi tempo, konjungsi instrumen, konjungsi konklusi, konjungsi kondisi, konjungsi intensitas, konjungsi komparasi, konjungsi similaritas, lan konjungsi validitas.

“Isuk iki Suprapto budhal menyang pasar lan Dito budhal sekolah bareng karo kanca-kancane.”

Sajrone tuladha ing ndhuwur nuduhake anane konjungsi sajrone ukara kasebut. Bisa katitik saka anane tembung “lan” minangka salah siji perangan wujud konjungsi. Tembung “lan” ing ukara kasebut nuduhake kedaden sing barengan antarane “Suprapto budhal menyang pasar” karo kedaden “Dito budhal sekolah bareng karo kanca-kancane”. Wektune bareng yaiku nalika “isuk iki”.

2.3 Teori kanggo Panliten Iki

Sajrone subbab teori kanggo panliten iki mujudake teori-teori sing digunakake minangka dhasar kanggo nyengkuyung anane panliten lan medhar babagan sing ana ing undherane panliten. Saka teori sing bakal diandharake ing subbab iki yaiku ngenani teori transformasi generatif lan landhesan teori kanthi njupuk teori sing ana sambung rakete utawa jumbuh karo underan panliten.

2.3.1 Teori Transformasi Generatif

Teori transformasi generatif kawiwitinan lair bebarengan karo anane buku-buku anggitane Noam Chomsky. Teori transformasi generatif miturut Chomsky

sajrone Parera (1991:87) tata basa sajrone transformasi generatif kuwi metu saka metodhe kerja rasionalis lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Teori iki tuwuh wiwit taun 1957 nganti 1975. Sahapudin (2012) ngandharake ing sajrone jurnale yen teori linguistik sing digagas dening Chomsky iki kalebu teori sing dikembangake adhedhasar saka kerja kanthi deduktif sing dibangun saka konstruk hipotetik tartamtu. Inti sajrone andharane yaiku kanggo mangerten teori transformasi generatif iki ora nliti ukara sing dipunggel-punggel, nanging ukara bageyan-bageyan liyane uga kalebu sajrone objek panliten iki kanthi ancas mbangun salah siji teori basa sing ana. Mula saka andharan kasebut bisa didudut yen teori transformasi generatif yaiku proses utawa kaidah owhowahan saka struktur internal, dadi struktur eksternal, kanthi cara nambah, ngelongi, ngowahi, lan liya-liyane ngenani unsur-unsur sing ana sajrone satuan gramatikal kasebut.

Teori tranformasi generatif utawa gramatika generatif transformasional diandharake Chomsky nduweni pangerten yen basa iku kawujud saka saperangan ukara sing ora winates. Adhedhasar teori iki, dawane ukara lan unsur gramatikal minangka *input* winates. Perkara iki beda yen dideleng saka *output* teori iki amarga saka asil panggunane teori iki asile ora winates. Nalikane unsur sing ditampa kawiwan mung saperangan tembung, nanging yen wis dilakoni transformasi bakal nuwuhake luwih akeh ukara lan saben ukarane nduweni teges lan maknane dhewe-dhewe (-Supano, lkk, 1994:301-302).

Miturut Chaer (2007:364) basa nduweni tugas kanggo nggayutake swara lan arti utawa makna sajrone wujud kaidah-kaidah sing trep lan cetha. Sajrone tata basa iki uga nduweni sarat supaya nggayuh wujud tata basa sing trep, yaiku *sepisan* tata basa kasebut kudu bisa ditampa kanthi apik dening panggunane basa, minangka ukara sing trep lan ora digawe-gawe. *Kapindho*, satuan utawa tetembungan sing dinggo ora adhedhasar gejala basa tartamtu lan kudu jejer karo teori linguistik tartamtu. Soeparno (2013:111-112) ngandharake sajrone bukune yen aturan gramatika menehi mekanisme sajrone pamikir sing nuwuhake ukara-ukara saengga bisa ngasilake ukara sing ora winates cacuhe. Mula saka kuwi, sajrone teori iki nduweni sarat sajrone tata basa sing dinggo kaya sing diandharake dening Pateda (2011:120), yaiku ukara sing diasilake kudu ukara sing nduweni fungsi sajrone ukara lan tetembungan sing digunakake kudu nduweni sipat sing jembar.

Sajrone teori iki nduweni saperangan komponen-komponen sing ana sajrone teori iki yaiku komponen fonologi, komponen sintaksis, komponen morfologi, lan komponen semantik (Chaer, 2007:366). Komponen fonologi yaiku komponen sing nduweni tugas kanggo ngowahi struktur njaba sintaksis dadi represenntasikake fonetik arupa swara-swara basa sing digunemake dening panutur. Swara sing mujud basa kasebut yaiku unit swara, segmen fonetik, utawa *fon*. Kabeh sajrone fonologi kasebut didheskripsikake adhedhasar panggon lan carane ngartikulasikake. Teori transformasi generatif iki uga nyethakake komponen semantik, yaiku nyethakake yen saben tranformasi nduweni *filter* semantik (*semantic feature*) lan penanda semantik (*semantic maker*) sing mawujud kabeh makna tembung kasebut. Komponen sintaksis sajrone transformasi generatif kalebu komponen sing paling sentral sajrone wujud ukara, saliyane komponen semantik lan komponen fonologi. Saka tegese sintaksis yaiku organisasi leksikon (tembung) sing mwujud frasa utawa ukara sajrone basa. Saengga fungsi utamane komponen sintaksis yaiku kanggo nemtokake sesambungan antarane pola-pola swara lan maknane basa kasebut kanthi cara ngatur urutane tembung sing mujudake frasa utawa ukara supaya mathuk karo makna sing dikarepake dening panutur.

Unsur-unsur sajrone kalimat nuwuhake panganggep sing padha lan beda saka informasi sing diandharake. Adhedhasar carane ngandharake Sudaryanto (1991:65-69) ngandharake yen bisa kadeleng saka ukara-ukara sing ana, ukara-ukara kasebut minangka perangan paling cilik saka wacana. Saengga kanthi dhasar kasebut sesambungan karo triaspek sintaktis yaiku aspek wujud, guna, lan kalungguhanne ukara.

2.3.1.1 Wujud

Aspek wujud yaiku aspek fisik (awak) sintaktis sajrone ukara tunggal. Sajrone aspek wujud iki, ana rong sipat pokok yaiku formal lan sistematik. Wujud formal amarga mung kalebu aspek wujud wae. Dene wujud sistematik yaiku sesambungane wujud siji lan liyane lan padha-padha dadi salah siji wujud saka konstituen sintaktis liyane. Yen dideleng saka segi triaspek sintaktise, wujude dudu arupa tembung nanging arupa ukara. Dadi, ora nggunakake “nominal utawa N” wae nanging nganggo “frasa nominal utawa FN”. Miturut Wedhawati (2005:46) wujud adhedhasar anggotane bisa diperang dadi loro wujud sintaksis tinarbuka lan wujud sintaksis katutup. Wujud sintaksis tinarbuka bisa diperang dadi kriya, aran, kahanan, lan katrangan. Wujud sintaksis katutup diperang dadi

tembung sesulih, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung panggandheng, tembung panguwuh, lan partikel. Sudaryanto (1991:70) merang jinis wujud dadi wolu perangan yaiku verba, adjektiva, nomina, pronominal, numeralia, adverbia, tembung tugas, lan interjeksi. Miturut Aristoteles (sajrone Padmosoekotjo, 1987:107) merang jinise wujud tembung dadi 10 jinis, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung watak utawa tembung kahanan, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung pangiket, tembung panyilah, lan tembung sabawa utawa tembung pangungun.

Saka andharan para ahli ngenani perangan saka wujud sintaksis kasebut, wujud sajrone referensi iki diperang dadi sanga, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung watak utawa tembung kahanan, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung panggandheng, lan tembung panguwuh.. Perangan iki kapilih luwih munjer marang andharan saka Aristoteles amarga andharane dianggep luwih jangkep lan luwih trep yen digunakake kanggo nliti wujud referensi sajrone tulisan cekak iki.

2.3.1.2 Guna

Aspek guna yaiku aspek sing digambarake minangka panggon kango wujud. Guna yaiku (1) beban makna sawijine satuan basa, (2) sesambungan antarane sawijine satuan karo unsur-unsur liyane sajrone deret satuan-satuwan, (3) panganggone basa kanggo tujuwan tartamtu, (4) kalungguhan struktur batin saka sawijine pocapan lan sesambungan kanthi struktural karo unsur liya, lan (5) kalungguhan sawijine unsur sajrone satuan sintaksis kang luwih amba. (Kridalaksana, 2008:67). Dadi guna minangka panggon lan wujud minangka isine panggon kasebut. Sudaryanto (1991:66) ngandharake yen aspek guna iki diperang dadi telu sipat pokok, yaiku formal, kosong, lan struktural. Amarga guna iki minangka ruwang utawa panggonan, dadi guna iki nduweni sipat yaiku “kosong”, anane mung minangka cengkorongane wae. Dene keformalane guna, dumadi saka sesambungan sipat kosong lan struktural. Sipat struktural tuwuhanalika anane guna kasebut dadi cengkorongan formal. Merga guna kanthi sipat formal kasebut arupa “papan””kosong”, dadi disengkuyung dening isine. Isi sajrone guna iki yaiku anane wujud lan makna kanthi adhedhasar saka wujud lan kalungguhan. Sengkuyungan iki dumadi saka bageyan-bageyan dhewe sing jumbuh karo wujud lan kalungguhan. Kayata wujud luwih akeh ana ing guna wasesa, dene kalungguhan luwih

akeh ing jejer, lisan, lan liyane. Kanggo nemtokake salah siji aspek konstituen ing ukara. Sajrone basa Jawa nduweni lima jinis fungsi sintaktis, yaiku jejer (P), wasesa (W), lisan (L), geganep (G), lan katrangan (Kat).

2.3.1.3 Kalungguhan

Aspek kalungguhan yaiku imbanginan pasangan wujud minangka aspek saka guna lan pengisi saka guna kasebut. Kalungguhan nduweni rong sipat pokok yaiku semantis lan struktural. Sipat semantis tuwuhan amarga sajrone kalungguhan iki minangka aspek makna ing sajrone konstituen sintaktis. Dene kalungguhan minangka struktural yaiku aspek “jiwa” sintaktis kalebu ing ukara tunggal. Hakikate kalungguhan kalebu aspek sintaktis sing munjer langsung marang unsur kanyatan ing njaba basa sing diandharake ing ukara kasebut. Sajrone kalungguhan iki nduweni rong perangan, yaiku konstituen utama lan konstituen pangganep. Konstituen utama yaiku konstituen sing ana ing wasesa. Sudaryanto (1991: 139-150) nyethakake yen anane konstituen utama iki bisa awujud proses, kahanan, tanduk, tanggap, tanggap tarung, tanduk pakon, tanggap pakon, bali angga, lan bali angga tanduk.

Konstituen pangganep yaiku konstituen kang ana orane ditemtokake dening wasesa (predikator) kang diarani argumen. Saben pamarsudi basa nduweni panemu kang beda anggone ngandharake kalungguhan kang diduwensi argumen. Adhedhasar teori tradisional kalungguhan gumantung saka guna kang ana ing ukara. Dene teori struktural ora ngandharake ngenani kalungguhan, jalaran teori iki ora ngandharake ngenani semantik utawa makna. Miturut transformasi generatif kalungguhan minangka struktur batin kang bisa dideleng saka struktur lair ukara kasebut yaiku saka wujud lan guna mula kalungguhan sajrone transformasi generatif bisa diperang dadi paraga (agentif), panandhang, reseptif, paraga lan panandhang (agentif lan objektif), sumber, panampa (benefaktif), faktor, kriya tanduk, kriya tanggap, kahanan, resiprokal, proses, tujuwan, papan, cara, lan wektu.

2.3.2 Landhesan Teori

Sajrone underan panliten iki ngandharake ngenani wujud lan panggone referensi sajrone teks wacana. Mula, teori sing digunakake ing panliten iki bakal nggunakake teori sing diandharake dening Rusminto (2015:25-28) sing nyethakake yen referensi diperang dadi loro yaiku adhedhasar sipat lan wujud. Adhedhasar sipat yaiku endofora (anafora lan katafora) lan eksfora. Dene adhedhasar wujud yaiku referensi pronomina (persona lan

nonpersona), referensi demonstratif, lan referensi komparatif. Saengga saka rong jinis perangan kasebut bisa didudut yen sajrone panliten iki bakal nyethakake perangan asil proses silang saka perangan-perangan kasebut

Adhedhasar perangan-perangan iki, panliten iki nyethakake yen referensi diperang dadi yaiku (1) referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina persona, (2) referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina nonpersona, (3) referensi asipat anafora kanthi wujud demonstratif, (4) referensi asipat anafora kanthi wujud komparatif, (5) referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina persona, (6) referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina nonpersona, (7) referensi asipat katafora kanthi wujud demonstratif, (8) referensi asipat katafora kanthi wujud komparatif, (9) referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina persona, (10) referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona, (11) referensi asipat eksofora kanthi wujud demonstrative, lan (12) referensi asipat eksofora kanthi wujud komparatif.

METODHE PANLITEN

Titikan sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku sipate panliten lan jinise panliten sing bakal diandharake ing ngisor iki.

3.1.1 Jinise Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Referensi sajrone Antologi Tulisan Cekak Anggitane Dodik Priyambada” iki bakal diandharake ngenani unsur-unsur referensi sajrone wacana naratif arupa tulisan cekak. Panliten iki adhedhasar jinise panliten nganggo metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Metodhe iki dipilih amarga metodhe kasebut jumbuh karo panliten iki. Wujud panliten iki arupa dhesripsi utawa jlentrehan lan ora ana angka-angka sajrone andharan lan jlentrehan dhata. Adhedhasar sipat panliten, panliten iki kalebut sipat linguistik sinkronis.

Metodhe dheskriptif yaiku salah siji metodhe panliten sing nuduhake andharan kanthi cara nyritakake, njlentrehake, lan nggamarake ngenani kahanan saka objek panliten. Mulyana (2005:83) ngandharake yen metodhe dheskriptif iki lumrahe digunakake kanggo panliten-panliten wacana kanthi cara nggawe klasifikasi saka objek panliten sing ana. Metodhe iki lumrahe dinggo nliti objek-objek sing ana ing antologi. Andharan iki disengkuyung dening andharan saka Widi (2010:84) ngandharake yen metodhe dheskriptif yaiku salah siji metodhe panliten sing nggamarake kabeh dhata utawa kahanane subjek/objek

panliten banjur dijlentrehake lan dibandhingake adhedhasar kasunyatan sing isih lumaku sarta diwenehi solusi saka perkara-perkara sing ana.

Ancas saka metodhe dheskriptif iki diandharake dening Suryabrata (1995:18) yen metodhe iki kanggo panyandra kanthi sistematis, faktual, lan akurat ngenani fakta lan sipat populasi utawa panggonan tartamtu. Pangerten saka Suryabrata kasebut disengkuyung lan ditambahi dening Djajasudarma (1993:15) ngandharake yen dheskripsi yaiku gambaran titikan dhata kanthi akurat sing ana sambung rakete sipat ilmiah iku dhewe. Adhedhasar andharan ngenani teges metodhe dheskriptif kasebut, luwih mathuk yen panliten iki kalebu panliten kualitatif. Panliten kualitatif yaiku wujud prosedur sing ngasilake dhata dheskriptif arupa tulis utawa lisan sing ana ing masyarakat basa (Djajasudarma, 1993:10).

3.1.2 Sipate panliten

Sajrone panliten iki nduwe sipat singkronis, kaya metodhe sing diandharake dening Ferdinand de Saussure ing taun 1916 (Saussure sajrone Mahsun, 2005:83). Mahsun (2005:84) uga ngandharake yen panliten basa kanthi singkronis yaiku panliten basa sing ditindakake kanthi njingglengi fenomena salah siji basa ing saperangan wektu tartamtu. Mula saka kuwi singkronis iki bisa arupa dheskriptif. Sajrone metodhe iki, ana telung cara sing ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan nyuguhake dhata.

3.1 Ubarampene Panliten

Ubarampene sajrone panliten iki diperang dadi telu yaiku dhata panliten, sumber dhata panliten, lan instrumen panliten

3.2.1 Dhata Panliten

Dhata yaiku saperangan bab sing dadi objek sajrone panliten sing dititiki kanthi permati lan pangajab bisa ngasilake wansulan saka underane panliten. Dhata ing kene bakal dijlentrehake kanthi sistematis kanthi dhasar teori sing digunakake dening panliten. Andharan iki jumbuh karo apa sing diandharake dening Arikunto (1998:99) dhata yaiku objek panliten utawa apa sing dadi punjer saka anane panliten. Objek sajrone panliten referensi iki yaiku arupa ukara-ukara sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Dhata-dhata ing panliten iki yaiku arupa pethikan ukara-ukara sing dijupuk saka antologi kasebut.

3.2.2 Sumber Dhata Panliten

Mituru Widi (2010:236), ngumpulake dhata diperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Wujud dhata primer bisa arupa asil saka obsevasi, wawancara, kuisioner, lan dhata eksperimen. Dene wujud dhata sekunder yaiku publikasi lembaga pemerintah utawa non-pemerintah, panliten sadurunge, laporan utawa catetan pribadi, lan medhia massa. Adhedhasar andharan kasebut panliten iki nglumpukake dhata nggunakake sumber dhata sekunder. Amarga sumber dhata ing panliten iki saka buku yaiku antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada. Sumber dhata kasebut dirinci ing ngisor iki.

3.2.3 Instrumen Panliten

Instrumen sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku instrumen utama lan panyengkuyung. Instrumen utama yaiku instrumen sing dadi pokok sajrone panliten lan kudu ana sajrone nindakake panliten kasebut. Instrumen utama ing panliten iki yaiku panulis panliten iki, minangka panliti objek panliten kasebut. Dene instrumen panyenkuyung yaiku instrumen utawa piranti sing kanggo nambah kuwalitas utawa kuwantitas objek panliten. Instrumen panyengkuyung disaranake ana ing sajrone panliten, minangka panyengkuyung panliten sing ditindakake. Instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki dibage dadi telu, yaiku (1) instrumen kanggo nglumpukake dhata, (2) instrumen kanggo njlentrehake dhata, lan (3) instrumen kanggo nyuguhake dhata.

- (1) Instrumen kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku kertu dhata lan Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik priyambada. Saliyane iku uga dibutuhake instrumen tambahan yaiku piranti tulis. Kawiwitan dhata diklumpukake saka Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik priyambada. Dhata dipilih sing jumpuh karo dhata panliten iki. Banjur dhata dilebokake ing kertu dhata lan diklasifikasi kake miturut konsep lan teori sing digunakake. Panggunane kertu dhata sajrone nglumpukake dhata diajab supaya nggampangake panliti kanggo nglumpukake dhata lan nglasifikasi kake.
- (2) Instrumen kanggo njlentrehake dhata yaiku dhaptar lan simbol. Dhata sing wis kapilih sajrone kertu dhata kasebut diwenehi instrumen tandha arupa tandha (*) kanggo menehi tandha yen ukara kasebut ora kalebu referensi. Simbol sajrone panliten iki kanggo

nyethakake idhentitas ukara-ukara sing ana sajrone antologi tulisan cekak kanthi arupa panandha.

(3) Instrumen kanggo nyuguhake dhata sajrone panliten iki diperang dadi loro, yaiku formal lan informal. Instrumen formal sajrone panliten iki arupa tabel dhata saka kertu dhata. Dene instrumen informal nyuguhake arupa analisis adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane sajrone ukara-ukara sing wis dipilih minangka dhata panliten. Analisis iki diajab bisa njlentrehake objek sing ditlti supaya luwih gampang dimangerten.

(4)

Tabel. 3.2

Kertu Dhata

NO	TETEMBUNGAN	UKARA
1.		
		Kodhe:
2.		
		Kodhe:

3.2 Tata Carane Panliten

Tata cara sajrone panliten iki diperang dadi telu yaiku tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata. Bab iki bakal diandharake ing ngisor iki.

3.3.1 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Kuwalitas dhata sing dijupuk ditentokake karo kuwalitas piranti kanggo njupuk dhata, piranti kanggo ngukur dhata, lan wong sing njupuk dhata kasebut (Suryabrata, 1995:84). Teknik ngumpulake dhata kanthi nggunakake teknik cathet yaiku kanthi cara nyathet saperangan wujud sing relevan kanggo panliten saka panggunane basa sing mawa tulisan (Mahsun, 2005:92). Carane ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara, yaiku:

- (1) maca Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik priyambada,
 - (2) ngumpulake, nata, lan nyusun kanthi sistematis dhata sing wis kepilih lan jumbuh karo referensi kanthi adhedhasar perangan-perangan sing dipilih
 - (3) menehi kodhe dhata kasebut kanthi kodhe sing bisa mbedakake karo dhata liyane. Format kodhe dhata kasebut yaiku (Damar Ublik(DU) // no urut tulisan cekak //inisial irah-irahan//pada utawa alenia).
- Tuladha: (DU//01//L//4)

DU: Damar Ublik

- I : tulisan cekak urutan nomer 01
L : irah-irahan “Lintangku”
4 : pada nomer 4

Banjur mindhah dhata-dhata kasebut ing kartu dhata sing (3) wis dicepakake kanthi menehi katrangan arupa perangan-perangan referensi kanthi adhedhasar sipat lan wujude.

3.3.2 Tata Cara Njlentrehake Dhata

Njlentrehake dhata yaiku salah siji kegiyatan sing kritis banget sajrone panliten (Suryabrata, 1995:85). Amarga panliten iki kalebu panliten dheskriptif sing dijlentrehake yaiku ngenani isi sajrone objek sing dipilih. Widi (2010:253) ngandharake jlentrehan dhata yaiku salah siji proses ngumpulake lan nata dhata kanthi ancas kanggo ngolehake informasi sing paedah, ngolehake panyaruwe, lan ngolehake dudutan.

Njlentrehake dhata dilakoni sawise kabeh dhata wis dikumpulake lan ditata kanthi sistematis. Saben dhata bakal dijlentrehake siji mbaka siji dhata kasebut kanthi cara maca lan nyinaoni dhata. Dhata sing wis diklumpukake saka antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada kasebut diwaca kanthi ditliti lan dipahami sekabehane dhata sing ana. Sawise iku dhata kasebut dicathet banjur diwenehi tandha sing negesi yen dhata kasebut ngandhut referensi. Nalika dhata wis diwenehi tandha, dhata kasebut diperang adhedhasar perangan-perangan saka referensi. Sawise tumata ing saben-saben perangane, dhata kasebut dijlentrehake lan pungkasane didudut saka asile jlentrehan kasebut. Sawise kabeh wis kelakon, banjur nglapurake asil saka jlentrehan dhata kasebut.

3.3.3 Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata panliten ngenani *Referensi sajrone Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” Anggitane Dodik Priyambada* iki diandharake kanthi susunan sing sistematis kaya ing ngisor iki:

- (1) Bab I: bab iki ngandharake ngenani purwakane panliten. Sajrone purwaka nyethake saperangan bageyan-bageyan. Bageyan sajrone purwaka kasebut yaiku landhesan panliten, underane panliten, ancas panliten, paedah panliten, wewatesane panliten, lan tegese tetembungan sing digunakake ing sajrone panliten.
- (2) Bab II: bab iki ngandharake ngenani titingan kapustakan saka panliten kasebut. Sajrone tintingan kapustakan iki nduweni saperangan bageyan-bageyan.

Bageyan saka tintingan panliten kasebut yaiku panliten sadurunge sing saemper lan maneka werna teori sing sesambungan ing panliten iki yaiku kohesi, transformasi generatif, lan lelandhesan teori.

Bab III: bab iki ngandharake ngenani metodhe panliten. Sajrone metodhe panliten iki nduweni bageyan-bageyan sing nyengkuyung jlentrehan saka anane panliten kasebut. Bageyan saka metodhe panliten iki yaiku ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nulis dhata saka panliten iki.

Bab IV: bab iki ngandharake ngenani andharan saka panliten. Asil saka jlentrehan dhata kasebut diandharake kanthi cara ndheskripsikake jlentrehan kasebut kanthi menthes lan cetha.

Bab V: bab iki ngandharake ngenani panutup saka andharan panliten. Isi sajrone bageyan panutup iki yaiku dudutan lan pamrayoga ngenani panliten sing wis dilakoni.

ANDHARAN

Sajrone bab iki bakal dijlentrehake ngenani dhata sing wis diklumpukake lan dianalisis kanthi gamblang. Ing bab iki uga ngandharake lan njlentrehake asile analisis siji mbaka siji saengga dhata sing diklumpukake bisa diandharake kanthi cetha. Andharan ing ngisor iki diperang dadi rong perangan yaiku ngenani wujud lan panganggone referensi sajrone kumpulan tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada.

4.1 Wujud Referensi sajrone Antologi Tulisan Cekak “Damar Ublik” Anggitane Dodik Priyambada

Referensi utawa bisa diarani panuduh sajrone wacana naratif arupa kumpulan tulisan cekak iki nduweni wujud tetembungan sing manjila lan narik kawigaten kanggo ditliti. Bab iki bisa dideleng saka anane tetembungan sing ngandhut referensi. Saka asile dhata sing wis diklumpukake lan dianalisis, nuwuhake tuladha-tuladha sing ngandhut unsur dhata saka anane referensi. Dhata sing kajupuk minangka tuladha sajrone andharan iki yaiku arupa ukara-ukara sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada sing dianalisis nganggo teori tranformasi generatif sing nuduhake ngenani unsur-unsur saka triaspek sintaktis yaiku nuduhake wujud, guna, lan kalungguhane tembung utawa frasa sajrone ukara-ukara sing kapilih minangka dhata panliten. Saka maneka dhata kasebut digolongake miturut sipat (anafora, katafora, lan

eksofora) lan wujud (pronomina persona, pronomina nonpersona, demonstratif, lan komparatif) saka anane referensi. Saka perangan kasebut, nalika disilangake saengga dhata bisa diperang dadi sanga (9) perangan. Saben perangan bakal dijelentrehake ana ing ngsior iki.

4.1.1 Referensi Asipat Anafora kanthi Wujud Pronomina Persona

Referensi asipat anafora kanthi nduweni wujud pronomina persona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sipat nuduhake objek sadurunge saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud persona (manungsa). Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina persona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku: “Sawise munggah becak, langsung takwenehake dhuwit kang wis taksiyapake sadurunge mudhun saka bis, karo kandha marang tukang becak, “Jalan Yos Sudarso, **Mas!**” (DU//VI//BRT2//02)

“Jalan Yos Sudarso, **Mas!”**

‘Jalan Yos Sudarso, Mas’

W	FAr	TSe
G	Je	Wa
K	Pgn	Rsp

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “mas” nandhakake anane referensi anafora kanthi wujud pronomina persona. Tembung “mas” kasebut kalebu tembung referensi anafora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake paraga sadurunge yaiku tukang becak. Tembung “mas” uga kalebu wujud pronomina persona jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake panuduh persona (manungsa) ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka TAr adhedhasar gunane minangka Wa, lan adhedhasar kalungguhane minangka Kr. Mula, tembung “mas” trep yen kalebu referensi anafora kanthi wujud pronomina persona.

4.1.2 Referensi Asipat Anafora kanthi Wujud Pronomina Nonpersona

Referensi asipat anafora kanthi nduweni wujud pronomina nonpersona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sipat nuduhake objek sadurunge saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud

nonpersona (saliyane manungsa). Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina nonpersona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

“Njur, kepriye olehe nyeluk mengko, **Mas?**”, **pitakone** sisihanku. (DU//I//L//02)

pitakone sisihanku.

‘tanya istriku’

W	TAr	TSe
G	Wa	Le
K	Kr. Td	Prg

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “pitakone” nandhakake anane referensi anafora kanthi wujud pronomina nonpersona. Tembung “pitakone” kasebut kalebu tembung referensi anafora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake konstituen liyane sadurunge tembung kasebut yaiku ““Njur, kepriye olehe nyeluk mengko, **Mas?**”, Tembung “pitakone” uga kalebu wujud pronomina nonpersona jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake panuduh nonpersona (samubarang) ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka TAr adhedhasar gunane minangka Wa, lan adhedhasar kalungguhane minangka Kr. Td. Mula, tembung “pitakone” trep yen kalebu referensi anafora kanthi wujud pronomina nonpersona.

4.1.3 Referensi Asipat Anafora kanthi Wujud Demonstratif

Referensi asipat anafora kanthi nduweni wujud demonstratif yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sipat nuduhake objek sadurunge saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud panuduh. Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat anafora kanthi wujud demonstratif. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Kanggoku lan sisihanku ya lelakon biyasa-biyasa wae senajan ora pati umum. Kanggoku lan kulawargaku, **mangkono** iku malah bisa ndadekake adhem lan ayeme ati. (DU//II//BRT1//10)

Mangkono iku malah bisa ndadekake adhem lan ayeme ati

‘Seperti itu bisa menjadi sejuk dan tenangnya hati’

W	TSe	TKr	FPw
G	Je	Wa	Le

K	Pnd	Kr Td	Kh
---	-----	-------	----

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “mangkono” nandhakake anane referensi anafora kanthi wujud demonstratif. Tembung “mangkono” kasebut kalebu tembung referensi anafora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake konstituen liyane sadurunge tembung kasebut yaiku “lelakon biyasa-biyasa wae senajan ora pati umum”. Tembung “mangkono” uga kalebu wujud demonstratif jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake panuduh ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka FKat, adhedhasar gunane minangka Kat, lan adhedhasar kalungguhane minangka Wkt. Mula, tembung “nalika” trep yen kalebu referensi katafora kanthi wujud pronomina nonpersona.

4.1.4 Referensi Asipat Katafora kanthi Wujud Pronomina Nonpersona

Referensi asipat katafora kanthi nduweni wujud pronomina nonpersona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sипат nuduhake objek sawise saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud nonpersona (saliyane manungsa). Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina nonpersona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Nalika nampa tilpun iku, aku ora ana firasat babar pisan ngenani apa-apa. (DU//I/L//07)

Nalika nampa tilpun iku, aku ora ana firasat babar pisan

‘Ketika menerima telfon itu, aku tidak ada firasat sama sekali

W	FKat	TAr
---	------	-----

FKh
G Kat Je
Wa
K Wkt Prg Kh
 ngenanai apa-apa.
 tentang apapun’

W	FAr
---	-----

G Gg
K Pnd

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “nalika” nandhakake anane referensi katafora kanthi wujud pronomina nonpersona. Tembung “nalika” kasebut kalebu tembung referensi katafora amarga sajrone ukara kasebut

nuduhake konstituen liyane sawise tembung kasebut yaiku “nampa tilpun iku”. Tembung “nalika” uga kalebu wujud pronomina nonpersona jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake panuduh samubarang ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka FKat, adhedhasar gunane minangka Kat, lan adhedhasar kalungguhane minangka Wkt. Mula, tembung “nalika” trep yen kalebu referensi katafora kanthi wujud pronomina nonpersona.

4.1.5 Referensi Asipat Katafora kanthi Wujud Demonstratif

Referensi asipat katafora kanthi nduweni wujud pronomina nonpersona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sипат nuduhake objek sawise saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud panuduh. Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat katafora kanthi wujud demonstratif. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Dheweke rada ora jenjem, mula banjur nyedhaki ustazah pamonge, lan anakku matur kaya **mangkene**, “Ustadzah, engko kondure jam pira?”. (DU//XIII//UEKJP//04)

Anakku matur kaya mangkene,
‘Anakku berkata seperti ini’

W	TAr	TKr	FAr
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Kr Td	Pnd

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “mangkene” nandhakake anane referensi katafora kanthi wujud demonstratif. Tembung “mangkene” kasebut kalebu tembung referensi katafora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake klausa sing ana sawise tembung kasebut yaiku klausa “Ustadzah, engko kondure jam pira?”. Tembung “mangkene” uga kalebu wujud demonstratif jalaran saka tembung kasebut minangka panuduh marang saperangan konstituen kanthi cetha utawa gamblang ing sajrone ukara. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka FAr, adhedhasar gunane minangka Le, lan adhedhasar kalungguhane minangka Pnd. Mula, tembung “mangkene” trep yen kalebu referensi katafora kanthi wujud demonstratif.

4.1.6 Referensi Asipat Katafora kanthi Wujud Komparatif

Referensi asipat katafora kanthi nduweni wujud komparatif yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sипат nuduhake objek sawise saka konstituen panuduh marang konstituen sing dituduhake sajrone wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud pangumpama utawa pambandhing. Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat katafora kanthi wujud komparatif. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Aku **kaya** lumrahe milih tukang becak kang dhisik dhewe ketemu karo aku. (DU//VI//BRT2//02)

Aku **kaya** lumrahe milih tukang becak kang dhisik dhewe

‘Aku seperti biasanya memilih tukang becak yang dahulu

W	TAr	FKat	TKr	FAr
		FKat		
G	Je	Kat	Wa	Le
		Kat		
K	Prg	Wkt	Kr Td	Rsp
		Wkt		
				<u>ketemu karo aku.</u>
				<u>bertemu denganku’</u>

W	TKr	FAr
G	Wa	Gg
K	Kr Tg	Prg

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “kaya” nandhakake anane referensi katafora kanthi wujud komparatif. Tembung “kaya” kasebut kalebu tembung referensi katafora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake klausa sing ana sawise tembung kasebut yaiku klausa “lumrahe milih tukang becak kang dhisik dhewe ketemu karo aku.”. Tembung “kaya” uga kalebu wujud komparatif jalanan saka tembung kasebut minangka pambandhing marang saperangan konstituen sing ana ing sajrone ukara. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka TKr, adhedhasar gunane minangka Je, lan adhedhasar kalungguhane minangka Prg. Mula, tembung “kaya” trep yen kalebu referensi eksofora kanthi wujud pronomina persona.

4.1.7 Referensi Asipat Eksofora kanthi Wujud Pronomina Persona

Referensi asipat eksofora kanthi nduweni wujud pronomina persona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sипат konstituen sing nuduhake objek sanjabane wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud persona (manungsa). Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina persona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Aku kulina mudhun ing terminal bis Nganjuk kang lawas. (DU//VI//BRT2//01)

Aku kulina mudhun ing terminal bis Nganjuk kang lawas.

‘Aku terbiasa turun di terminal bis Nganjuk yang lama’

W	TAr	TKat	TKr	FKat
G	Je	Kat	Wa	Kat
K	Prg	Wkt	Kr Td	Pgn

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “aku” nandhakake anane referensi eksofora kanthi wujud pronomina persona. Tembung “aku” kasebut kalebu tembung referensi eksofora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake pawongan sing ora ana ing sajrone teks wacana iki, sajrone wacana kasebut tembung “aku” nuduhake pawongan liya yaiku panulis crita. Tembung “aku” uga kalebu wujud pronomina persona jalanan saka tembung kasebut minangka sesulih utawa nyethakake pawongan utawa paraga sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka TAr, adhedhasar gunane minangka Je, lan adhedhasar kalungguhane minangka Prg. Mula, tembung “aku” trep yen kalebu referensi eksofora kanthi wujud pronomina persona.

4.1.8 Referensi Asipat Eksofora kanthi Wujud Pronomina Nonpersona

Referensi asipat eksofora kanthi nduweni wujud pronomina nonpersona yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sипат konstituen sing nuduhake objek sanjabane wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud nonpersona (saliyane manungsa). Saka pangerten kasebut, saengga nuwuhake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

“Njur, kepriye olehe nyeluk **mengko**, Mas?”, pitakone sisihanku. (DU//I//L//02)

“Njur, kepriye olehe nyeluk **mengko**, Mas?”

‘Lalu, bagaimana caranya manggil nanti, Mas?’

W	TKat	TAr	FKr	FKat
G	Kat	Je	Wa	Kat
K	Wkt	Pnd	Kr Td	Wkt

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “mengko” nandhakake anane referensi eksofora kanthi

wujud pronomina nonpersona. Tembung “mengko” kasebut kalebu tembung referensi eksofora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake wektu sing bakal dilakoni dening paraga. Tembung “mengko” uga kalebu wujud pronomina nonpersona jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake samubarang sing ora ana ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka FKat adhedhasar gunane minangka Kat, lan adhedhasar kalungguhane minangka Wkt. Mula, tembung “mengko” trep yen kalebu referensi eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona.

4.1.9 Referensi Asipat Eksofora kanthi Wujud Demonstratif

Referensi asipat eksofora kanthi nduweni wujud demonstratif yaiku tetembungan saka referensi sing nduweni sipat konstituen sing nuduhake objek sanjabane wacana lan tetembung kasebut kanthi wujud panuduh. Saka pangerten kasebut, saengga nuwuahake perangan dhata sing bisa diklompokake dadi siji ing perangan referensi asipat eksofora kanthi wujud demonstratif. Dhata utawa tetembungan kasebut yaiku:

Kekarepane wong tuwa kanggo anak kuwi, kerep diwujudake kanthi maringi dhawuh putrane, supaya nglakoni kuwi lan nindakake **kae**.
(DU//XVII//PKDAK//01)

Supaya nglakoni kuwi lan nindakake **kae**.

‘Supaya melaksanakan ini dan melakukan itu’

W	TPg	TKr	TSe	TPg	TKr	TSe
G			Wa	Le	Wa	Le
K		Kr Td	Pnd		Kr Td	Pnd

Andharan dhata kasebut nuduhake yen tembung “kae” nandhakake anane referensi eksofora kanthi wujud demonstratif. Tembung “kae” kasebut kalebu tembung referensi eksofora amarga sajrone ukara kasebut nuduhake kahanan utawa tumindak apa wae. Tembung “kae” uga kalebu wujud demonstratif jalaran saka tembung kasebut minangka nyethakake panuduh sing ora ana ing sajrone ukara kasebut. Anane tembung kasebut ing sajrone ukara nduweni unsur-unsur triaspek sintaktis yaiku adhedhasar wujude minangka TSe adhedhasar gunane minangka Le, lan adhedhasar kalungguhane minangka Pnd. Mula, tembung “kae” trep yen kalebu referensi eksofora kanthi wujud demonstratif.

4.2 Panganggone Referensi sajrone Kumpulan Tulisan Cekak “Damar Ublik” Anggitane Dodik Priyambada

Panganggone referensi sajrone wacana naratif nduweni maneka kagunane adhedhasar perangan referensi adhedhasar sipat wujude. Sajrone andharan ngenani referensi ing ndhuwur, ing analisis kasebut nuduhake kacocogane tetembungan-tetembungan sing kapilih minangka dhata panliten iki marang teori sing digunakake sajrone panliten iki. Saengga trep antarane teori lan dhata sing kapilih sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada kasebut. Trep lan kacocogan iki uga disengkuyung karo panggunane triaspek sintaktis sing nyethakake tetembungan marang wujud, guna, kalungguhane sajrone ukara-ukara sing kapilih. Referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina persona sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TSe/FSe, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Wa, Gg utawa Le, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Prg utawa Rsp. Referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina nonpersona sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TAR, adhedhasar gunane digunakake minangka Wa, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Kr Td. Referensi asipat anafora kanthi wujud demonstratif sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TSe/FSe utawa TKat/FKat, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Kat utawa Gg, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Pnd, Fk, Pgn, utawa Wkt. Referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina nonpersona sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TAR/FAR, TKr/FKr, TKh/FKh, TPw/FPw, TPg/FPg, utawa TKat/FKat, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Le, Wa, Kat, utawa Gg, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Pnd, Rsp, Kr Td, Kr Tg, Wkt, Kh, Smb, Tjw, Fk, utawa Pgn. Referensi asipat katafora kanthi wujud demonstratif sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TAR/FAR, adhedhasar gunane digunakake minangka Le, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Pnd.

Referensi asipat katafora kanthi wujud komparatif sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake

minangka TKat/FKat, TPg/FPg, utawa TKh/FKh, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Wa, utawa Kat, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Pnd, Wkt, utawa Kh. Referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina persona sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TAr/FAr, TKat/FKat, utawa TSe/FSe, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Le, Gg utawa Kat, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Prg, Rsp, utawa Pgn. Referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TAr/FAr, TKat/FKat, utawa Twil/FWil, adhedhasar gunane digunakake minangka Je, Le, Gg utawa Kat, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Rsp, Pnd, Wkt, Kh, utawa Pgn. Referensi asipat eksofora kanthi wujud demonstratif sajrone andharan kasebut nuduhake yen panganggone tetembungan referensi adhedhasar wujude digunakake minangka TKat/FKat, utawa TSe/FSe, adhedhasar gunane digunakake minangka Le, utawa Kat, lan adhedhasar kalungguhane digunakake minangka Pnd, utawa Pgn.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Referensi sajrone antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada iki minangka salah siji wujud panliten sajrone teori ing wacana. Sajrone panliten iki anane referensi sajrone antologi tulisan cekak kasebut dicethakake saka anane tetembungan referensi kanthi adhedhasar sipat lan wujud referensi. Saka sipat referensi sing nduweni 2 perangan yaiku endofora (anafora lan katafora) lan eksofora, semana uga adhedhasar wujud referensi diperang dadi 3 yaiku pronomina (persona lan nonpersona), demonstratif, lan referensi komparatif. Saka rong adhedhasar referensi kasebut digabungake, saengga nuwuhake 12 perangan nanging sajrone panliten iki kanthi adhedhasar dhata sing diolehake saka objek panliten arupa antologi tulisan cekak kasebut mung nemokake 9 perangan.

Perangan-perangan kasebut yaiku (1) referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina persona, (2) referensi asipat anafora kanthi wujud pronomina nonpersona, (3) referensi asipat anafora kanthi wujud demonstratif, (4) referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina nonpersona, (5) referensi asipat katafora kanthi wujud demonstratif, (6) referensi asipat katafora kanthi wujud komparatif, (7) referensi asipat eksofora kanthi wujud

pronomina persona, (8) referensi asipat eksofora kanthi wujud pronomina nonpersona, lan (9) referensi asipat eksofora kanthi wujud demonstratif. Asile panliten iki ora ditemokake 3 perangan liyane yaiku referensi asipat anafora kanthi wujud komparatif, referensi asipat katafora kanthi wujud pronomina persona, lan referensi asipat eksofora kanthi wujud komparatif. Saka perangan-perangan referensi kasebut diwedhar nganggo teori transformasi generatif minangka piranti kanggo nganalisis dhata sing kapilih saka antologi tulisan cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada kanthi nyethakake wujud, guna, lan kalungguhane tetembungan sajrone ukara sing kapilih.

5.2 Pamrayoga

Panliten ngenani referensi sajrone antologi crita cekak “Damar Ublik” anggitane Dodik Priyambada nduweni kakurangan sing isih adoh saka tembung sampurna. Sajrone panliten iki, panliti ngandharake apa sing diolehi saka asil nglumpukake dhata sing ana sajrone objek panliten kasebut. Panulis nduweni pangajab marang panliti liyane kanggo nliti perkara sing beda kanthi maneka teori sing trep lan nyengkuyung anane panliten kasebut saka saobjek yaiku tulisan cekak kasebut, amarga panliten objek sing padha iku ndadekake panliten kasebut luwih koprehensif. Saengga nuwuhake maneka aspek sing bakal kawedhar saka tulisan cekak iki. Mula saka kuwi panliten iki isih prelu dirembakake kanggo njangkepi lan dadi luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Achmad, Ian Abdullah, Alex. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta: Earlangga.
- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Departemen Pengembangan dan Kebudayaan. 1999. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Djajasudarma. T. Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT Eresco.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

- Mulyana.2005. *Kajian Wacana: Teori, Metodhe, & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana.* Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Oktavianus. 2006. *Analisis Wacana Lintas Bahasa.* Padang: Andalas University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa.* Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Parera, J.D. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis.* Jakarta: Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 2011. *Linguistik: Sebuah Pengantar.* Bandung: Angkasa.
- Rani, Abdul, lkk. 2006. *Analisis Wacana:Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian.* Malang: Bayumedia Publishing.
- Rusminto, Nurlaksana Eko. 2015. *Analisis Wacana: Kajian Teoritis dan Praktis.* Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa.* Jakarta: Erlangga.
- Soeparno. 2013. *Dasar-Dasar Linguistik Umum.* (edisi rev, 2). Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa.* Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sumadi, Lkk. 1998. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Naratif Bahasa Jawa.* Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Supano dan Oka. 1994. *Linguistik Umum.* Jakarta: Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.
- Surana. 2015. *Inferensi dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana.* Jurnal online. Diunduh ing 22 Juli 2019 <https://www.academia.edu/people/search?utf8=%E2%9C%93&q=inferensi+dan+problematika>.
- Suryabrata, Sumadi. 1995. *Metodologi Penelitian.* Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- _____. 2014. *Metodologi Penelitian.* Jakarta: Rajawali Pers.
- Tarigan, H.G. 1993. *Pengajaran Wacana.* Bandung: Angkasa.
- Verhaar, J. W. M. 1999. *Asas-Asas Linguistik Umum.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir.* Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Widi, Restu Kartiko. 2010. *Asas Metodologi Penelitian:Sebuah Pengenalan dan Penuntun Langkah demi Langkah Pelaksanaan Penelitian.* Yogyakarta: Graha Ilmu.

SUMBER ONLINE

- Sahapudin, Hirman. 2012. *Aliran Linguistik: Transformasi Generatif.* <https://irmansahpuдин2.blogspot.com/2012/09/aliran-transformasi-generatif.html?m=1>, diakses 25 Januari 2019.

SUMBER SKRIPSI

- Astuti, Rani Kusuma. 2016. *Kohesi Konjungtif sajrone Rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Oktober nganti Desember Taun 2015.* Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.
- Choirunnisa. 2016. *Elipsis Jejer sajrone Ukara Camboran ing Basa Jawa.* Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.
- Handani, Nhurinta Ayu Christy. 2016. *Piranti Kohesi kang Ndhapuk Koherensi sajrone Wacana Naratif ing Serat Cariyos Satus Sekawan.* Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.
- Pratiwi, Kurnia Intan. 2016. *Piranti Kohesi kanggo Ndhapuk Koherensi sajrone Wacana Dheskriptif Teks Pawarta mawa Basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiuni.* Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.

- Santoso, Jenitasari. 2016. *Piranti Kohesi Gramatikal sajrone Rubrik Gambang Suling Kalawarti Jaya Baya Taun 2015.* Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.